

PLANIFIKASYON YOU SERI AKTIVITE (TOUNEN/ LAVIWONN DEDE NAN BITASYON AK DEMANBRE LAKOU BADAGI#13

nan peryòd mwa Avril pou rivemwa Jen.

- **Ki kote Nou dwe fè Laviwonn l'an:**

- 1- nan mabouk a koray an pasan pa basen yis ak basen marasa,nan dousman pa ka twenno,pa beyankou,pou rive koray(gran kay)
- 2- De devan chapèl Anndezo(sentandre) an pasan pa nan pasi pou tonbe katonm epi monte koray(ka dòl + ka renmon ,pase pa basen rada epi Soula pou tonbe Dezòd ki se manman penba a.
- 3- Granfon(de lanbèy . . . Wòch legliz pou tonbe Simetyè Trankil.
- 4- Devan chapèl ankò pou ale nan palmis epi Zebakòs.
- 5- Anfen ,you tounen nan zòn jouk lwa piblik yo(nan sen) ladanl nou wè :
 - Zangliyan(Sengregwa)
 - kalvè
 - St Yves

Rapò sou Laviwonn Dede a

Dimanch 23 avril , tout moun te dòmi nan Lakou a pou nou te asire n ke tout moun te la.senkè (5 kè) nan meten tout moun te gentan lève pou n te fè travay lakou Nou anvan nou Pati(travay espiyèl).

Nou te Pati ,li te déjà make 5 kè 27 minit.

6 zè 43 minit ,se lè ke Nou te rive Devan Anndezo ke yo rele(st André Paul).

La ,Nou te fè premyè estasyon nou.

Kote nou te limen premyè limyè nou devan anndezo nan pye Sabilye a.

2e eskal nou li te fèt nan mabouk nan lakou kay Doul Desir.Après nou te fin bay salitasyon ak legba ak kafou,se te tou pa anpil enèji ki nan lakou a tankou danmbala,silibo,ak lòt. Nou te prepare you kouvè ak desè.

Nou te repati pou basen yis kote nou te fè.

3e estasyon nou e nou ranje kouvè.

4e estasyon an se te basen marasa ,kouvè menmjan.

5e estasyon se nan plato nan dousman kote nou te fè poz epi pran kafe ak pen ak pwason.

6e estasyon an se te ka twenno, kote nou fè kouvè bò sous la.

7e estasyon se te ka Beyankou , kote nou te oblije kanpe tout aktivite paske nou te remake te manke youn nan nou.

You Delegasyon 3 Moun te deplase pou Al chèche l.

Se preske fatal paske misye te gentan antre anba you raje epi kouche. Sa te nan plan dyab beyankou pou li te pran youn nan nou poul manje ak veritab men se te byen konte mal kakile Lakou Badagi #13 granmoun Gran sèvitè a te gen Ponyèt.Anfèt,kouvè a vin fèt epi nou fè remèd pou eskape a(se te Benicio Clenat ki gen ti non jwèt li gwobèt) après nou pati pou koray. Kote nou te pran chaj epi retounen lakay nou jan nou te ale ,li te make 7 tèt 21 minit nan aswè.

Nou Remèt Mèt Atibon Legba kle a ankò ke li te ban nou depi bò 5 kè nan maten an.

Lis patisipan :

- 1 – Desir Kynie Bazile
- 2 - Desir Manel
- 3 - Desir Robert
- 4 - Brutus Yanick
- 5 - Faustin Liline
- 6 - Desir Dieulifet
- 7 - Clenat Benicio
- 8 - Julien Chrisnor
- 9 - Jules Mirlande
- 10 - Faustin Elsite
- 11 - Thermidor Adlin
- 12 - Castor Varna
- 13 – Desir Eliès
- 14 - Desir Felix
- 15 -Desir james
- 16 – Desir Jesiton
- 17 – Novembre Lutherford
- 18 - Thermidor Antonio
- 19 - Jacquet masseline
- 20 – Sanon Wanderline
- 21 - Jean Louis Jean Renald
- 22 - Celestin colens
- 23 – Desir Schnerby de L.

Laviwonn dimanche 11 jen 2023

Se te toujou menm posede yo pou koumanse yo pou te koumanse dat 11 j'en an, premyè eskal Nou te fèt Devan chapèl sentandre,kote Nou te fè devosyon Nou épi Pati pou basent **katonm** kote Nou te fè mistè Nou épi repati pou koray maragou kote Nou te fè kafe demanbre a.

Nou te 2 gwo kouvè demanbre aprè divètisman,Nou te desann nan basent Dezòd pou Nou tal Mayofre Lwa yo . Épi tounen lakay nou kote nou te rantre lakay Nou li te 6zè 12 minit.

1-Desir Manel

2-Dorcé Dawens

3-Desir François
4-Desir Tiahï
5-Sanon Nephtalie
6-jn-louis jn Renald
7-jn louis Guerda
8-Lojuste Guy-Frantz
9-Antonio Thermidor
10-Calixte jn Eder
11-Delva milien
12-Desir Simth
13-Novembre Lutherford
14-Renald Watson
15-Faustin Liline
16-Jacquet Fernite
17-Desir Melina
18-Joseph Osnel
19-Jean Massolas
20-Thermidor Adlin
21-Desir Felix
22-Desir Eliès
23-Jean Melissia
24-Desir Odette
25-Desir Rose marie
26-Desir Maleine
27-Desir Lironne
28-Desir James
29-Dumelse Medgina
30- Guill Adona
31- Julien Chrisnor
32- Eristal Jn Robert
33-Faustin Elsita

34- Muscadin Dieuna
35-Desir Dieulifet
36-jules Mirlande
37-Desir Gesiton
38-Bazile Kynie
39-Hyppolite Ronaldy
40-Lumat Mackenson
41- Clenat Benicio
42- Benjamain Antoine
43-Desir Robert
44-Desir Gladys
45-Genel Bribon
46-Desir Schnerby de L.

Laviwonn Dede Granfon nan dat 09 jiyè 2023.

Depa sa a te fèt a 4 trè 35 minit. 5 kè 42 minit Nou te déjà Devan sentandre pou te salouwe bawon ,legba ak kafou épi repati pou granfon. Rive nan Bitasyon Lanbèy kote te gen pou fè 2em eskal Nou épi fè kafe Bitasyon an AK kouvè , épi fè manje pou tout moun te manje.Nou te you eskòt de 37 manm .

Aprè,Nou te pase nan demanbre Fanm Solid,ki bò manmanl ,la toi,Nou te fè you kouvè épi mayofre lwa.

Nou kannale wout pou simetyè trankil kote Nou te rive bò4 27 minit e fè tout sa nou te gen pou n fè e se la Nou te met fen nan jounen an kote li te make5 kè 03 minit lè machin te vin chèche Nou. 30 minit aprè Nou te rivenan Lakou a.

Swit a tounen sa yo, lòt Laviwonn segondè te jwenn Plas.

Sof ke Laviwonn sa yo te fèt ak Pipiti kantite moun,pa plis ke 7.

Se konsa jedi ki te 20 jiyè 2023.

5 manm Lakou a te ale nan basen **RADA** bwawon tonè,kote Nou te fè pwòpte épi ranje kouvè pou te resevwa lwa dlo yo(Simbi ak lòt)

Épi dimanch ki te 30 jiyè 2023.

8 manm Lakou a te al fè kouvè épi pote You Gato AK chanpay ke Simbi te mande Lakou a.